

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Ajén nya éta hiji hal anu sipatna abstrak jeung miboga harga (kualitas) ngeunaan hadé jeung goréng, éndah atawa teu éndah, jeung bener atawa salah. Hiji hal anu miboga harga tangtuna miboga fungsi jeung mangpaat pikeun kahirupan manusa. Nurutkeun M.Z.Lawang dina Rustadhie (<http://rustadhie-m.blogspot.com/2011/10/manusia-nilai-moral-danhukum.html>), ajén nya éta gambaran ngeunaan naon anu dipikahayang, anu pantes, miboga harga, jeung bisa mangaruhan paripolah sosial tina jalma anu miboga éta ajén. Fungsi ajén dina kahirupan manusa nya éta salah sahijina pikeun ngalelempeng paripolah nu ngawujud jadi norma atawa aturan. Ajén bisa ngajurung manusa dina paripolah ku sabab ajén téh aya tumalina jeung kayakinan hiji jalma dina hal bebeneran jeung kasaluyuan interaksi papada manusa. Manusa anu miboga ajén tangtuna miboga kawajiban pikeun nerapkeun éta ajén-ajén dina paripolah sapopoéna.

Ajén moral mangrupa salasahiji bagian tina ajén anu raket patalina jeung pasualan sosial papada manusa anu di jerna ngawengku ucapan, kalakuan, anu dipaké di masarakat, tur jadi kawajiban pikeun dilakonan ku hiji jalma dina kahirupanana. Kecap *moral* asalna tina kecap *mos* atawa *morés* tina basa Latin anu hartina “tata cara” atawa “adat-istiadat”. (Suryalaga, 2007:10), ngungkarakeun yén moral mah leuwih nandeskeun kana kualitas tingkah laku manusa. Kudu kumaha manusa dina paripolah, kudu kumaha hadéna sikep manusa dina interaksi baris diatur ku ajén moral. Dipakéna moral anu jadi cukang lantaran manusa bisa diajénan jeung hirup tingtrim. Manusa dianggap miboga moral hadé saupama bisa ngaluyukeun diri jeung ajén-ajén anu dipaké di masarakat, ku lantaran ajén téh raket patalina jeung kabudayaan sarta masarakat. Unggal masarakat atawa kabudayaan miboga ajén-ajén nu mandiri. Sabalikna, lamun manusa teu ditarima ku masarakat lantaran ngarempak ajén-ajén anu

dipaké di hiji masarakat baris dianggap manusa nu teu boga moral atawa manusa teu nyakola jeung sajabana.

Kiwari réa kajadian anu ngalibetkeun para rumaja dina pasualan sosial tur aya patalina jeung ajén moral. Contona waé, rumaja anu meumeujeuhna sagala hayang nyaho, sagala dicobaan, geus kalibet pacogrégan jeung sakola séjénna. Éta hal bisa disababkeun ku kurangna apingan kulawarga dina ngatik ngeunaan moral, pangaruh babaturan, jeung alatan jaman anu geus sarwa modern, saperti kamajuan téknologi dina media komunikasi jeung kurangna “filterisasi” di lingkungan rumajana. Ku ayana ajén di lingkungan, rumaja bisa nyingkahan hal anu teu saluyu jeung aturan. Dina kaayaan samodél kieu bener-bener diperlukeun ajén moral pikeun ngalempeng jeung méré watesan antara hadé jeung goréng dina paripolah. Paripolah rumaja anu méngpar tina aturan, teu bisa sagemblengna nyalahkeun diri rumajana pribadi, sabab aya hal séjén anu perlu diperhatikeun dina waktu ngabandungan perkembangan rumaja jaman kiwari.

Psikologi mangrupa élmu anu nalungtik ngeunaan jiwa atawa psikis. Ieu élmu bisa dijadikeun tinimbangan pikeun maham kana kajadian-kajadian dina kahirupan, utamana rumaja. Nurutkeun Syah (2010:10), psikologi nya éta élmu pangaweruh anu nalungtik paripolah *terbuka* jeung *tertutup* manusa, boh salaku individu boh salaku kelompok, dina hubunganana jeung lingkungan. Paripolah *terbuka* nya éta paripolah psikomotor anu ngawengku sikep nyarita, diuk, leumpang, jeung sajabana, sedengkeun paripolah *tertutup* ngawengku cara mikir, ngararasakeun jeung kayakinan. Hiji jalma ngalakukeun paripolah nu tangtu mangrupa bagian tina prosés perkembangan psikologina, sabab aya parobahan paripolah nu sacara wajar lumangsung dina umur nu tangtu. Ngeunaan nalungtik éta paripolah bisa diguar ku psikologi perkembangan remaja anu ngawengku perkembangan fisik, kognitif (kaasup perkembangan penalaran moral), jeung psikososialna.

Masih aya hubunganana jeung pasualan krisis moral, pangajaran moral sacara umum (di kulawarga, di luar imah, masarakat, jeung di sakola) masih kurang maksimal. Kitu deui di lembaga sakola nu jadi puseur atikan, loba anu tumanya,

malahan mah nyalahkeun kana prosés pembelajaran di sakola kaasup guru anu milu tanggung jawab dina krisis moral anu karandapan ku pararumaja nu keur nyuprih élmu di sakola. Saéstuna éta *fénoména* krisis moral téh lain saukur tanggung jawab sakola atawa teu benerna guru ngatik siswa wungkul, tapi tanggung jawab saréréa. Mata pelajaran anu euyeub ku ajén tur miboga karakter saperti Pendidikan Kewarganegaraan jeung Pendidikan Agama leuwih museur kana aspék kognitif batan aspék aféktif jeung psikomotor. Dunya atikan ayeuna méré lolongkrang anu jembar ngeunaan pangaweruh paélmaan tapi kurang maksimal dina hal mekarkeun sikep jeung ajén dina pembelajaranana. Cindekna, kurang kénéh muatan ajén moral anu katepiken sacara praktis dina unggal mata pelajaran anu patalina jeung ngawangun karakter bangsa.

Basa Sunda minangka salah sahiji mata pelajaran di sakola (ti SD nepi ka SMA) anu euyeub ku ajén-ajén budaya bisa dijadikeun média pikeun ngaéksplorasi ajén moral ngaliwatan rupa-rupa karya sastra. Ku ngaliwatan karya sastra, teu saukur méré pangalaman ajén moral sacara téori wungkul, tapi aya lolongkrang pikeun siswa milu ancrub dina ngungkabkeun pangalaman ngeunaan ajén moralna. Dina mata pelajaran basa Sunda aya kompetensi dasar anu ngawengku kaparigelan makéna basa, salah sahijina kaparigelan nyarita. Éta kagiatan nyarita salah sahiji aspék anu diajarkeun dina diajar basa Sunda tur bisa dijadikeun média ngaguar ajén moral siswa. Ieu hal geus aya katangtuanana dina standar kompetensi di SMP kelas IX nu unina “nyaritakeun eusi novel”. Ku ayana kagiatan nyarita bisa jadi stimulus ka siswa pikeun ngaguar ajén-ajén anu aya dina eusi novel. Nyarita nya éta kamampuh ngucapkeun sora-sora artikulasi atawa kecap-kecap pikeun ngungkarakeun, ngawawarkeun, atawa nepikeun gagasan, pikiran, jeung rasa. Nyarita minangka salah sahiji aspék kaparigelan makéna basa anu sipatna aktip produktif, nu hartina aya kagiatan anu langsung dilakonan ku siswa tur ngahasilkeun sawangan-sawangan. Contona saupama siswa wanoh kana hiji karya sastra saperti novel, bisa ngahudang kamampuh siswa dina ngaguar eusi novel anu saluyu jeung pangalamanana tur ngarojong kana kabhasilan pangajaran nyarita. Kaparigelan nyarita siswa ogé rupa-rupa, saperti karakter nyarita di SMP, maké basa anu has minangka bagian tina kawangunna idéntitas

diri. Siswa SMP kaasup rumaja, dina umur sakitu téh waktu anu “sensitif” pikeun diajar basa, sabab geus boga cara mikir formal. Salaku *implikasi* atikan dina mangsa cara mikir anu formal, perlu disiapkeun apingan program atikan anu ngawadahan kamampuh rumaja dina perkembangan cara mikirna. Patali jeung éta hal, nurutkeun Yusuf (2001:196), tarékah anu bisa dilakukeun nya éta: (1) ngagunakeun métode ngajar anu ngarojong rumaja sangkan aktif nanya, ngébréhkeun pamadegan, (2) ngalaksanakeun dialog papada siswa ngeunaan pasualan sosial, atawa rupa-rupa aspék kahirupan, saperti agama, étika, pulitik, lingkungan hirup, jeung bahayana obat-obatan (narkoba). Saupama novel anu digunakeun dina bahan pembelajaran, tangtuna merlukeun waktu anu loba sedengkeun alokasi waktu pikeun pangajaran basa Sunda téh kawilang samporét. Ku lantaran kitu, pikeun ngungkulanana digunakeun karya sastra séjén anu bisa nyumponan kritéria saperti novel, nya éta ngagunakeun novelét.

Média pangajaran ajén moral di sakola, teu saukur ngandelkeun papatah ti guruna langsung, tapi bisa ngaliwatan pembelajaran sastra saperti carita nu aya dina novelét. Karya sastra teu saukur nyugemakeun diri jeung émosi dina wangun anggapan anu imajinatif. Ditilik tina eusina, karya sastra umumna ngandung ajén-ajén anu aya patalina jeung ajén moral sabab karya sastra téh mangrupa gambaran kahirupan manusa dina wangun fiksi, tur dirépréséntasikeun ngaliwatan watek tokoh-tokoh jeung kajadian anu aya dina karya sastra. Saperti ditétélakeun ku Nurgiyantoro (2010:321), yén:

*“Karya sastra senantiasa menawarkan pesan moral yang berhubungan dengan sifat luhur kemanusiaan, memperjuangkan hak dan martabat manusia.”*

Novelét mangrupa bagian tina karya sastra, ku kituna dina novelét bisa katepikeun gambaran kahirupan manusa tina hasil daya imajinasi pangarang. Wangun novelét méh sarua jeung novel nya éta pada-pada prosa, tapi eusi jeung jumlah kacana teu pati réa, tur konflik anu ditepikeunana ogé teu kompléks. Pangarang tangtuna miboga maksud atawa amanat dina novelét. Sabab karya sastra (anu hadé) sok ngandung ajén/niléy. Éta ajén téh diterapkeun dina wangun struktur karya sastra, anu sacara implisit nyampak dina alur, latar, tokoh, jeung

Indah Purnama Cahyani, 2013

AJÉN MORAL JEUNG PSIKOLOGI PERKEMBANGAN RUMAJA DINA NOVELÉT JAMPARING KARYA CHYE RETTY ISNENDES PIKEUN BAHAN PANGAJARAN NYARITA DI SMP KELAS IX

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

amanat. Ajén anu aya dina karya sastra di antarana: ajén hédonik (ajén nu méré rasa senang sacara langsung ka nu macana), ajén artistik (ajén anu ngandung seni atawa kaparigelan dina migawé hiji pagawéan), ajén kultural (ajén anu ngandung hubungan jeung masarakat, peradaban jeung kabudayaan), ajén étis, moral, jeung agama (ajén anu bisa méré papatah atawa ajaran anu aya hubunganana jeung étika, moral, atawa agama).

Novelét *Jamparing* téh mangrupa salasahiji karya sastrawati, Chye Retty Isnendes. Di jerona euyeub ku ajén moral anu aya patalina jeung pangalaman moral siswa SMP. Geus tinangtu, caritana kaalaman ku saumuran siswa SMP jeung saluyu pikeun diwanohkeun. Salian ti éta, ieu novelét téh medal dina taun 2012, anu can ditalungtik sacara akademis.

Panalungtikan ngeunaan ajén moral geus aya nu nalungtik dina wangun skripsi, di antarana: skripsi Agus Suherman (1998) nu judulna “Ajén Moral dina Naskah Drama Sunda Modern karya R.Hidayat Suryalaga”, skripsi Mahyar Suryadi (2000) anu judulna “Ajén Moral dina Kumpulan Sajak *Sasambat* karya Yayasan Héndayana”, skripsi Muhamad Jaelani (2003) anu judulna “Ajén Moral dina Wawacan *Dén Atikah*”, skripsi Lina Herlina (2005) anu judulna “Ajén Moral dina Novel *Rusiah nu Goreng Patut* Karya Soekria-Joehana pikeun Bahan Pangajaran Apresiasi Sastra di SMP”, skripsi Dadang Yulianto (2006) anu judulna “Ajén Moral dina Kumpulan Carpon *Ajalna Sang Béntang Pilem* Karya Duduh Durahman”, skripsi Hendi Perdiansyah (2007) anu judulna “Ajén Moral dina Naskah Drama Cucunguk Karya Yoseph Iskandar”, skripsi Arfan Falfariq (2008) anu judulna “Ajén Moral Guguritan dina Buku *17 Sekar Pupuh* Karya Godi Suwarna”, jeung skripsi anu pangahirna nya éta skripsi Jajat Jatirasa (2011) anu judulna “Ajén Moral dina Novel *Payung Butut* Karya Ahmad Bakri”.

Nepi ka ayeuna can aya anu husus medar ngeunaan ajén moral tur dideudeulan ku pedaran psikologi anu aya dina novelét. Ku kituna, ieu panalungtikan nu judulna: “Ajén Moral jeung Psikologi Perkembangan Rumaja dina Novelét *Jamparing* karya Chyé Rétty Isnéndés pikeun Bahan Pangajaran Nyarita di SMP Kelas IX”, perlu dilaksanakeun sangkan meunang kacindekan yén novelét téh euyeub ku ajén moral jeung aspék psikologi disawang tina watek palaku jeung hal

séjénna. Lian ti éta, sacara jembarna ieu panalungtikan ajén moral jeung psikologi dina novelét téh pikeun alternatif bahan pangajaran nyarita di SMP kelas IX. Ku kituna ieu panalungtikan dijudulan *Ajén Moral jeung Psikologi Perkembangan Rumaja dina Novelét Jamparing Karya Chyé Rétty Isnéndés pikeun Bahan Pangajaran Nyarita di SMP Kelas IX*.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Dumasar kana kasang tukang di luhur, pasualan anu dipedar dina ieu panalungtikan diwatesanan, nya éta ngeunaan ajén moral dumasar cirina jeung psikologi perkembangan rumaja dina psikososial. Ajén moral dumasar kana cirina nya éta ajén moral anu patali jeung tanggungjawab, patali jeung ati nurani, sipatna ngawajibkeun, jeung anu sipatna formal. Psikologi perkembangan rumaja dina psikososial ngawengku perkembangan individuasi jeung idéntitas, perkembangan hubungan jeung kolot, perkembangan hubungan jeung babaturan sapantar, perkembangan séksualitas, perkembangan proaktivitas, jeung perkembangan résiliénsi anu aya dina novelét anu judulna *Jamparing*.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Masalah-masalah anu dipedar dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun patalékan saperti ieu di handap:

- 1) Kumaha unsur intrinsik jeung ékstrinsik novelét *Jamparing* ?
- 2) Kumaha ajén moral nu nyangkaruk dina novelét *Jamparing* ?
- 3) Kumaha psikologi perkembangan rumaja dina novelét *Jamparing* ?
- 4) Kumaha bahan pangajaran anu luyu pikeun dijadikeun alternatif bahan pangajaran nyarita eusi novél di SMP Kelas IX dumasar hasil analisis ajén-ajén moral sarta psikologi perkembangan rumaja dina novelét *Jamparing* ?

### 1.3. Tujuan Panalungtikan

#### 1.3.1 Tujuan Umum

Ieu panalungtikan téh miboga tujuan ngaanalisis ajén-ajén moral jeung psikologi perkembangan rumaja anu aya dina novelét sangkan bisa dipikanyaho ku masarakat lianna, sarta pikeun ngeuyeuban hasanah sastra Sunda.

#### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus tujuan ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Ngadéskrupsikeun unsur intrinsik jeung ékstrinsik nu aya dina novelét *Jamparing*.
- 2) Ngadéskrupsikeun ajén-ajén moral nu nyangkaruk dina novelét *Jamparing*.
- 3) Ngadéskrupsikeun psikologi perkembangan rumaja anu karandapan ku parapalaku dina novelét *Jamparing*.
- 4) Medar tur nyieun bahan pangajaran anu saluyu pikeun dijadikeun alternatif bahan pangajaran nyarita eusi novél di SMP Kelas IX sabada ngaanalisis ajén-ajén moral jeung psikologi perkembangan rumaja anu aya dina novelét.

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

#### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Dina ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaatna pikeun ngeuyeuban hasanah kasundaan tina widang sastra, nya éta ngeunaan salasahiji wangun sastra anu mangrupa novelét, sarta ngeuyeuban bahan pangajaran dina pangajaran basa Sunda ngeunaan ringkesan novelét pikeun alternatif bahan pangajaran nyarita kelas IX.

#### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Dina ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaatna sacara praktis pikeun nambahan pangaweruh sarta dina tarékah ngaronjatkeun kaparigelan nyarita jeung minat maca kana sastra Sunda.

### 1.5 Raraga Nulis

Nyusun laporan mangrupa tahap pamungkas tina tahapan panalungtikan. Dina ieu skripsi sagala hasil panalungtikan dipidangkeun. Sistematika dina nyusun ieu skripsi nya éta:

- 1) BAB I : bubuka medar kasang tukang masalah, watesan masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga nulis.
- 2) BAB II : medar tiori anu aya dina ieu panalungtikan sacara leuwih jembar, raraga mikir, jeung anggapan dasar.
- 3) BAB III : ngawengku desain panalungtikan, métodé panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik ngolah data jeung analisis data.
- 4) BAB IV : medar dékripsi data jeung hasil analisis data.
- 5) BAB V : kacindekan jeung saran kana panalungtikan anu geus dilaksanakeun.